

Èd Finansye Atlantic Health System ("AHS"), Inc. pou Pasyan ki pa Touche Ase Revni, Pasyan ki pa Gen Asirans ak Pasyan ki pa Gen Ase Asirans ("Règleman konsènan Èd Finansye) bay pasyan ki kalifye yo èd pou yo peye tout oswa yon pati nan swen pou ijans oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal yo resevwa nan lopital AHS yo. Sa gen ladan Morristown Medical Center, Overlook Medical Center, Chilton Medical Center, Newton Medical Center, Atlantic Rehabilitation Institute, Hackettstown Medical Center ak nenpòt sant medikal AHS nou deziyen kòm pwofesyonèl swen sante dapre Règ Federal yo. Pasyan yo dwe ranpli yon fòm aplikasyon pou yo resevwa èd pou peye bòdwo yo, epitou yo dwe satisfè kondisyon ki endike anba la yo pou yo kalifye pou èd finansye a.

#### Kijan m ap jwenn èd pou peye bòdwo mwen?

Pou deside ki kantite èd ou kapab resevwa pou peye bòdwo lopital ou, n ap analize revni total fanmi ou epitou n ap konpare chif la avèk Nivo Federal Povrete. Nivo Povrete Federal la se pi piti montan lajan yon fanmi bezwen pou manje, abri, ak lòt nesèsite dapre Gouvènman Ameriken an. Ou ka jwenn èd ak fakti lopital ou gras ak pwogram Charity Care NJ si ou:

- 1) Pa gen pwoteksyon asirans (oswa si ou gen asirans sante ki peye sèlman pou yon pati nan bòdwo ou),
- 2) Pa satisfè kondisyon yo pou asirans prive oswa pou asirans gouvènman finanse,
- 3) Satisfè limit revni ak resous Leta fikse.

Charity Care pral kouvri 100% frè yo pou pasyan ki gen yon revni fanmi anvan dediksyon ki pi piti pase 200% nivo federal povrete; epi ki garanti yon pòsyon frè yo pou pasyan ki gen revni fanmi anvan dediksyon ant 200% ak 300% nivo federal povrete a.

Si ou pa gen asirans, si w ap viv nan New Jersey epi si ou pa kalifye pou pwogram èd finansye federal oswa Leta (avèk eksepsyon Charity Care), li ka toujou posib pou ou resevwa yon rabè sou bòdwo ou pou swen pou ijans oswa pou swen ki nesèsè pou rezon medikal si kantite lajan total fanmi ou fè a pi piti pase Nivo Federal Povrete multipliyè pa senk (500% Nivo Federal Povrete).

#### Kijan mwen kapab jwenn yon kopi Règleman konsènan Èd Finansye a? Kijan pou mwen jwenn yon fòm aplikasyon?

- Sou entènèt nan: [www.atlantichealth.org/financialassistance](http://www.atlantichealth.org/financialassistance)
- Ekri oswa rele:
  - Morristown Medical Center, 100 Madison Avenue, Morristown, New Jersey 07960, Financial Counseling Office, Telefòn, 973-971-8964, Faks, 973-401-2433, Imèl, [fior.gonzalez@atlantichealth.org](mailto:fior.gonzalez@atlantichealth.org)
  - Overlook Medical Center, 99 Beauvoir Avenue, Summit, New Jersey, 07901, Nimewo Telefòn 908-522-4689, Faks, 908-522-2031, Imèl, [angela.algarin@atlantichealth.org](mailto:angela.algarin@atlantichealth.org)
  - Chilton Medical Center, 97 West Parkway, Pompton Plains, New Jersey, 07444, Nimewo Telefòn 973-831-5113, Faks, 973-907-1037, Imèl, [adriana.munoz@atlantichealth.org](mailto:adriana.munoz@atlantichealth.org)
  - Newton Medical Center, 175 High Street, Newton, New Jersey, 07860, Nimewo Telefòn 973-579-8407, Faks, 973-579-8814, Imèl, [victoria.goncalves@atlantichealth.org](mailto:victoria.goncalves@atlantichealth.org)
  - [Hackettstown Medical Center, 651 Willow Grove Street, Hackettstown, New Jersey, 07840, Phone # 908-850-6902, Fax, 908-441-1146, E-mail, \[margit.santos@atlantichealth.org\]\(mailto:margit.santos@atlantichealth.org\)](http://atlantichealth.org/hackettstown)
  - Depatman Sèvis Kliyantèl nan nimewo 1-800-619-4024.
- Fas-a-fas nan Depatman Ijans yo ak Biwo Konsèy Finansye yo

Ou ka vini avèk aplikasyon ou nan lopital, ou ka voye li pa lapòs, ou ka fakse li, oswa ou ka imèl li. AHS ap revize aplikasyon ou lè nou fini, epi n ap chèche konnen ki kantite èd ou ka resevwa pou peye bòdwo ou. AHS p ap revize aplikasyon ki pa fin ranpli yo, men n ap ba ou yon chans pou voye enfòmasyon ou pa t mete yo nan yon sèten dat.

#### Èske gen èd nan lang?

Règleman konsènan Èd Finansye, aplikasyon an yon rezime Règleman konsènan Èd Finansye a ka disponib nan lang natifnatal ou. Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis sa a swa pou nenpòt lòt kesyon ou genyen sou èd pou peye bòdwo lopital ou, rele Depatman Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-800-619-4024 oswa ale sou sitwèb nou. Ou kapab ale nan Biwo Konsèy Finansye a tou nan youn nan lopital nou yo, **lendi - vandredi, 8:00 am – 4:00 pm.**

